



Asirans Santé pou Moun ki gen Kondisyon Medikal ki té Egzisté Avan *Nouvo Opsyon Asirans Santé Pou Moun ki San Asirans*

Asirans Santé pou Moun ki gen Kondisyon Medikal ki té Egzisté Avan

Haitian Creole translation for "Pre-Existing Condition Insurance Plan - PCIP"

Depatman Santé ak Sèvis Imèn de Eta Zini (DHHS) anonse nouvo etap pou redui préminom asirans santé e fè li pi fasil pou moun ki habité en Florid san asirans anrolé nan PCIP (Asirans Sante pou Kondisyon Medikal ki Egzisté Avan).

“Kondisyon Medikal ki té Egzisté Avan” (pre-existing condition) se yon problèm santé ké ou genyen ki egzisté ou byin ki te egzisté anvan ou apliké pou asirans santé. Malerezman, konpayi asirans santé yo kapab refizé ou pou tèt ou pa an bon-n santé. Si yo aprouvé ou, pri asirans ou ap trè chè.

Asirans santé pou Kondisyon Medikal ki té Egzisté Avan (PCIP) te kréyé anba loi santé Eta Zini, ki rélé Affordable Care Act, pou édé moun avek problèm santé jouin bon kalité soinn nan yon pri ki pa chè. Program asirans sa (PCIP) ap sèvi tankou yon pon jiska 2014 lè konpayi asirans santé yo pap gen doua pou refizé moun ankò paské yo genyen problèm santé ki té egzisté anvan (*tankou kansè, dyabèt, oprésyon, ou byin maladi kè*). PCIP géré nan nivo eta nan 27 eta e géré par gouvènman federal nan 23 eta avek Distri de Columbia (DC). Nouvo kondisyon pou élijibilité avek préminom ki moins chè ap ouvri program sa pou plis moun ki habité en Florid.

Redui Préminom: Préminoms moun ki habité en Florid e ki anrolé nan PCIP redui pa 40%. Pou egzanp, koulyé-a, nan Florid yon granmoun 50 an kapab jouin asirans santé ki konplè pou \$270 pa moua. (Pou plis enfòmasyon sou pri asirans PCIP, vizité www.pcip.gov.)

Senplifyé Élijibilité: Kòmansé sou ou aprè 1 Jiyè 2011, moun ki ap apliké pou PCIP ka senpleman bay yon lèt ke yon doktè, ou byin asistan doktè, ou enfimiyè ecrit ki deklaré ké yo genyen, ou, nan tan pasé, te genyen yon kondisyon medikal, enfimite ou maladi. Dat ki nan lèt sa pa ka pasé yon ané. Moun ki soumèt lèt sa pap bezoin ret tan-n konpayi asirans la voyé yon lèt refi ba yo. Epitou, moun ki ap apliké ap toujou bezoin pasé lòt kondisyon élijibilité (*tankou bay prèv ké yo se yon sitouayin Eta Zini ou rété nan Eta Zini légalman*) e prouvé ké yo te san asirans santé pou sis (6) moua.

Kolaborasyon avek Ajan e Koutyé: Kòmansé nan otòn, DHHS ap kòmansé péyé ajan avek koutyé ki konekté moun ki kalifyé pou program PCIP. Étap sa ap édé jouin moun ki kalifyé men ki pa anrolé nan program asirans santé sa. Plizyè Eta déja expérimanté avèk kalité payman sa yo avek gran siksè. Epitou, etap sa fè pati efò DHHS avèk Eta, ajan asirans santé, founisé sevis, e koutyé pou jouin plis moun ki kalifyé e fè yo okouran ké genyen asirans santé ki disponib pou yo. DHHS ap travay avek ajans asirans santé yo tou pou avèti moun osijè opsyon PCIP nan eta ké yo habité lè aplikasyon asirans santé yo pa aprouvé.

Pou plis enfòmasyon sou élijibilité, bénéfis e pri, ou byin kijan pou apliké, vizité www.pcip.gov. Choiaz “Find Your State”. Apre sa choiaz Florid sou kat Eta Zini. Sant apèl PCIP ouvri de 8 a.m. juska 11 p.m. Ou ka rélé gratis a 1-866-717-5826. Si ou soud ou bèbè, rélé: 1-866-561-1604.

www.pcip.gov

Rélé Gratis 1-866-717-5826 (Si ou soud ou bèbè 1-866-561-1604)



Asirans Santé pou Moun ki gen Kondisyon Medikal ki té Egzisté Avan *Nouvo Opsyon Asirans Santé Pou Moun ki San Asirans*

Enfòmasyon pou Florid:

Kantité Moun ki Anrolé: 770

Redui Préminom: 40%

Pri (éfféktif 1 Jiyé 2011):

Florid					
Plan / Laj de Group	00-18	19-34	35-44	45-54	55+
Plan Estanda	\$118	\$176	\$211	\$270	\$376
Plan Prolonjé	\$158	\$237	\$284	\$363	\$505
Kont Ékonomi Santé (HSA)	\$122	\$183	\$220	\$280	\$390

Pri asirans santé pou yon granmoun 50 an: \$270 pa moua

Rezo Founisé Sevis a travè Eta Florid:

- 37,705 – Doktè
- 4,751 – Famasi
- 312 – Lopital